# JÁMIYETLIK HÁM EKONOMIKALÍQ ILIMLER

**Tariyx**

## БЕРДАҚ ШЫҒАРМАЛАРЫ ТАРИЙХЫЙ-ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ ДЕРЕК СЫПАТЫНДА

**Р.А.Бауетдинов** – *тарийх илимлериниң кандидаты, доцент*
**Т.С.Ганиев** - *үлкен оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы НМПИ жанындағы ХБХҚТОҚАА Орайы*

**Таянч сўзлар:** маънавият, маънавий мерослар, Бердақ, «Шажара», тарихий манбалар, И.А.Беляев.
**Ключевые слова:** .духовность, духовное наследие, Бердах, «Шежире», исторические источники, И.А.Беляев.
**Key words**: spirituality, spiritual heritage, Berdakh, «Shejire», (Pedigree) historical sources, I.A.Belyaev.

Ҳәр бир халықтың мәнаўий жетилисиўинде оның ата-бабалары тәрепинен узақ тарийхы даўамында топланған руўхый-мәдений мийрасларының орны гиреўли. Бул мийраслар қатарында уллы халық ғайраткерлери тәрепинен дөретилген тарийхый шығармалар айрықша әҳмийетке ийе. Тарийхый мийнетлердеги халық өтмиши, ата-бабаларымыздың азатлық ҳәм ғәрезсизлик ушын алып барған гүреслери тарийхын, руўхый мәдениятын, салт-дәстүрлерин, улыўма, өткен турмысты тереңнен үйрениў ҳәм оны заманласларымызға таныстырыў тарийхшы алымлардың әдиўли ўазыйпасы.

XIX әсирдеги қарақалпақ халқының уллы шайырларының бири Бердақ Ғарғабай улының дөреткен шығармаларының дерлик барлығында биз тарийхый-этнографиялық мағлыўматларды ушырата аламыз. Оның барлық шығармалары өзи жасаған дәўирдиң социаллық-экономикалық ҳәм сиясий жағдайларынан келип шыққан. Бул жағдайлар Бердақтың шығармаларында қарақалпақ халқының сол дәўирдеги ҳәм өзинен бурынғы тарийхый ўақыялары тийкарында айқын сәўлелениў тапты.

Бул мақалада, Бердақтың «Шежире» шығармасындағы тарийхый мағлыўматларға тоқталып, дереклер анализленеди. «Шежире»де қарақалпақ халқының басынан өткен тарийхый ўақыялары өз сәўлелениўин тапқан. Ол әййемги дәўирлерден баслап XVIII әсирдиң ақырына шекемги, яғный қарақалпақлардың Хорезм ойпатына қайтып қоныслանғанға шекемги, Бердақ сөзи менен айтқанда, «Алҳасыл усы бойға» дейинги тарийхый ўақыяларды поэтикалық формада хабарлаўшы шығарма болып есапланады [2:82].

Өзбекстанның белгили илимпазы, академик Т.Н.Қары-Ниязий «О культурном наследии узбекского народа» («Өзбек халқының мәдений мийрасы ҳаққында») деген китабында өзбек халқының мәдений мийрасларының тамырлары узақ әсирлерге барып жететуғынлығын ҳәм бул мәдений мийраслар қатарында Мунис, Агаҳий ҳәм Баяний шығармалары болған «Фирдавс-ул-иқбол», «Зубатут товарих», «Жалиул вока султани» ҳәм басқада бирқанша тарийхый шығармаларды көрсеткен еди. Биз бундай тарийхый китаплар қатарынан Бердақтың поэтикалық формаға салған «Шежире»си де орын алатуғынына исенемиз, оған өтмиштен келип жеткен халықтың тарийхый билимлери жәмленген мийрас сыпатында қараймыз.

Қарақалпақларда басқа халықларға уқсап, ҳәр бир урыў ағзасы өз ата-бабасының тарийхын, өзиниң жети атасын билиўи шәрт болған. Бул билим атадан балаға өтип отырған. Ҳәзирги күнге шекем үлкен жастағы адамлар арасында өзиниң он атасына шекем билетуғынлары ушырасады. Бул ерте дәўирлерден киятырған дәстүр болған. Кейиншелик, ўақыт өтиўи менен шежирелер тек урыў шежирелери болмай, онда сол ўақыттағы халықтың улыўма сиясий ҳәм тарийхый ўақыялары өзиниң сәўлелениўин таба баслаған. Бул ҳаққында башқуртстанлы белгили тарийхшы алым Р.Кузеев былай деп жазады: «Әўладтан-әўладқа өтип киятырған шежире урыўдың ямаса қәўимниң өз алдына тарийхына айлана баслаған. Бунда тарийхта белгили урыўдың келип шығыўы ҳаққындағы түсиниклер, қәўимлер гүреси менен урыў, қәўим баслықларының генеологиясына байланыслы ўақыялар көринисин тапқан».

Шежирелер дәслепки ўақытлары ҳәр урыўға тийисли болған болыўы мүмкин. Соңырақ урыў шежирелериндеги ўақыялар өзиниң көлеми бойынша кеңейип барған. Бул ҳаққында көп санлы тарийхый дереклер хабар береди. Олардың берген мағлыўматларына қарағанда қарақалпақ урыўларының ҳәр қайсысының өз алдына шежирелери болғанлығы туўралы айтып өтиледи.

Шежирелер патриархал-феодаллық жәмийетке тән. Ҳәр бир қарақалпақ өз урыўының атын, тамғасын билиўи керек болған, оның келип шығыўы жөнинде тарийхый түсиникти көбинше шежирелерден таўып отырған.

Шежире көп халықлар турмысында бар екенлиги белгили. Башқурт шежирелерин үйрениўши илимпаз, тарийх илимлериниң докторы Р.Кузеев және де «Сол нәрсени айтыў керек, шежире өзиниң дәстүрий әҳмийетин сақлаған. Ол белгили бир урыўдың, белгили бир қәўимниң тарийхы болған. Шежире патриархаллық, урыўлық турмыстың атрибуты болған. Башқурт урыўларында урыўлық атрибут болған қус, ағаш тамғаларының болыўы шәрт болғанындай, шежирелердиң болыўы да шәрт болған. XVII-XVIII әсирлерден баслап патриархал урыўлық турмыстың бул элементлери, көп жағдайларда қалдықларға айланған, сондай болса да патриархал-феодаллық қатнасықлар үстем болған жәмийетте шежирелер башқуртлардың турмысында әҳмийетли болған. Сонлықтан да, башқуртлар ең ертеден киятырған шежирелер текстин муқыят сақлап, оларға айтарлықтай өзгерислер киргизбеўге талпынған» [1:59].

Бул билдирилген пикирлер қарақалпақ халқына ҳәм оның шежирелерине толық тийисли деп айтсақ болады. Қарақалпақларда шежирелер пуқта сақланған. Оларға сырттан тийкарсыз қосымталарды мүмкин болғанынша қоспаўға ҳәрекет еткен. Соған қарағанда, Бердақ пайдаланған халық шежирелери де тарийхый шынлықты, улыўма алғанда, дурыс мағлыўматларға ийе тарийхый шығармалар болып есапланады деп айта аламыз.

Бирақ «Шежире»си бизиң қолымызға сол Бердақ қолы менен жазылған түринде келип жетпеген. Ол қолдан қолға өтип кеткен. Сонлықтан да, бул шығармада сол заманның үстемлик етиўши идеологиясы өз тәсирин тийгизбеўи мүмкин емес. Бул жерде ҳәр бир жәмийетлик, мәдений ҳәдийсениң келип шығыўын тарийхый жағдайларға байланыстырып қараўымыз керек. Шежирени билиў, өтмиш тарийхта ата-бабалар руўхына ҳүрмет пенен қараў саўаплы ис болған. Халықтың тарийхый билими гейпара ўақытлары пайғамбарлар тарийхы менен байланыстырылған:

Расул аллах пырақ минип,
Қабы қаўсейин барған екен,
Қуда билен разы айтышып,
Ҳақ дийдарын көрген екен.
Гүл юзлери шәмси қамар.
Абиў Бакир, ҳәзирети Омар,
Осман, Әлий, шери Хайдар,
Пайғамбардың яраны екен. [1:60]

ҳәм де усы сыяқлы тағы басқа куплетлер ушырасады. Бунда ушырасатуғын ҳәзирети Омар, Осман, Әлий ҳәм басқалар тарийхта болған адамлар.

Бердақ «Шежире»синиң характерли белгисиниң биреўи ол қосық пенен жазылған. Бул пүткил Орта Азия шежирелеринен парық қылады. Бердақ «Шежире»синде қарақалпақ халқының тарийхый билимлеринен көп пайдаланғанындай-ақ, қарақалпақ халқының бай көркем тилин де пайдаланады. Солай етип, «Шежире» қарақалпақ әдебий тилин байытқан қымбатлы шығарма болып, Бердақтың шайырлық йошынан, оның шайыр ҳәм тарийхшы сыпатында усталығынан дерек беретуғын шығармалардан есапланады.

«Шежире» улыўма көлеми, 1941-жылғы басылыўы бойынша 275 куплеттен ибарат тарийхый ўақыяны қамтыйды. Бул Бердақтың ең ири тарийхый шығармаларынан бири болып табылады.

«Шежире»ни биринши рет этнограф И.А.Беляев 1903-жылы қарақалпақлар арасынан жазып алады ҳәм баспадан шығарады. Бирақ, «Шежире»ниң тийкарғы авторы болған Бердақ жөнинде И.А.Беляев ҳеш гәп айтпайды. Кейинги дәўирлерде баспадан шығарылған «Шежире»ниң, 1917-жылы басылып шыққан «Шежире» ден айырмасының жоқ екенине исениўге болады. Бирақ, 1917-жылғы басылымында «Шежире» толық берилмеген. И.А.Беляев оны толық жазып алғаны болыўы мүмкин. Ол жазып алған вариантты излеп табыў илимий хызметкерлердиң ўазыйпасынан болып есапланады. Бердақтың «Шежире»си бурынғы кеңес дәўиринде бир неше рет жазып алынды. Оның қолжазба түринде бир неше нусқасы табылды. Олар кейинги ўақытлардағы Бердақтың топламларына киргизилди. Оны

жыйнаўда, баспадан шығарыўда изертлеўшилерден филология илимлери докторлары Н.Жапақов, Х.Хамидов, У.Раметуллаев ҳәм басқалар бирқанша жумыслар жүргизди. Соның менен бирге еле жыйналмаған, халық арасында жүрген шежирелер бар екенлиги туўралы мағлыўматлар бар. Ҳәттеки, гейпара мағлыўматлар бойынша Самарқанд әтирапындағы қарақалпақлардың арасында да шежирелер болғанлығы туўралы мағлыўматлар берилген. Бирақ, бул мағлыўматлар тек информаторлардың мағлыўматлары ғана.

Мине, сол шежирелерди жыйнаў, басып шығарыў, олардың үстинде текстологиялық жумыслар жүргизиў үлкен әҳмийетке ийе ис болар еди. Елеге шекем текстологиялық жумыс «Шежире» бойынша жүргизилмеген. Айырым куплетлер орын алмасып кеткен. Оқыўшылар оның мәнисин избе-из түсиниўге қыйынсынады.

Биз жоқарыда көрип отырғанымыздай-ақ, қарақалпақлар өз тарийхына бийпәрўа қарамады, тарийхты атадан балаға жеткерип отырыўға үлкен кеўил бөлди. Бердақ шайыр усы ата-бабалар тарийхын жаратыўға бел байлап, өзиниң шайырлық эрудициясын, тарийхый билимин ортаға таслады.

Бердақтың «Шежире»ни жазыўын - оның халықшыл шайырлығы, өз халқы алдындағы ислеген жақсы хызметлери, ўатансүйиўшилиги деп қараўымыз керек. Сонлықтан бул дөретпе өткен дәўирлердиң тарийхый ўақыяларын сәўлелендиргени менен, бизиң бүгинги күнимиз ушын тәрбиялық әҳмийети үлкен тарийхый жазба естелик болып есапланады.

**Әдебиятлар**

1. Бердақ. Таңламалы шығармалары. -Нөкис: 1956, 60-б.
2. Тлеумуратов М. Қарақалпақ поэзиясы тарийхый дерек. -Н.: 1995, 82-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада улуғ мутафаккир Бердах асарлари, жумладан, унинг “Шажара”сидаги тарихий-этнографик маълумотлардан тарих дарсларида самарали фойдаланиш масалалари кўриб чиқилган. Унда «Шажара»да берилган тарихий маълумотлар тахлил этилади. Дарс сифати ва самарадорлигининг ошишига асардаги манбаларнинг ижобий таъсири борлиги таъкидланади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы использования на уроках истории произведения “Шежире,” как историко-этнографического источника великого мыслителя Бердаха. Даётся анализ историческим сведениям в произведении. Особо подчёркивается положительное влияние исторических сведений в произведении в повышении качества и эффективности урока.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of the issues of using of the work «Shejire» (Pedigree) as one of the historical-ethnographic sources of the famous poet and thinker Berdakh The author gives the analysis to the historical data in the book and emphasizes their positive influence on the quality and effectiveness of the lesson.

## Huqıqtanıw

# ПОНЯТИЕ И ПРИЗНАКИ ОРГАНИЗОВАННОЙ ПРЕСТУПНОСТИ

**З.Исмаилова** - *магистрант 1 курса*
*Ташкентский государственный юридический университет*

**Таянч сўзлар:** уюшган жиноятчилик, уюшган гуруҳ, жиноий ташкилот, уюшган қуролли гуруҳ, жиноят низоми.
**Ключевые слова слова:** организованная преступность, организованная группа, преступная организация, организованная вооруженная группировка, уголовный закон.
**Key words:** organized crime, organized group, criminal organization, organized armed group, criminal law.

Борьба с организованной преступностью является одной из важных и проблемных задач современности. Наш Первый Президент И.А.Каримов говорил, что «Очень опасно то, что уплотнение современной преступности, которая с каждым днём всё организованнее и профессиональнее, полное овладевание потребительского рынка преступными группировками, узаконивание незаконно приобретённых капиталов через хозяйственные и коммерческие структуры чётко бросаются в глаза».

Разные авторы по-разному дают определение организованной преступности. Например, в законодательстве США даётся определение «объединение ассоциаций, упорядочённых и организованных на высоком уровне или противозаконное объединение группы лиц, действующих в постоянном преступном сговоре для получения финансовой прибыли».

Какой бы закон или автор не выражал своё мнение об организованной преступности, во всех них останавливаются на одинаковых признаках.

Это следующие признаки:

1. Объединение преступных лиц, появление управляющих ими организаций;
2. Обладание социальным характером организованного преступного движения, получение их членами постоянного дохода;
3. Занятие различных организованных группировок преступными действиями в различных сферах;
4. Привлечение в свою систему некоторой части населения и создание альтернативного общества в государстве по характеру своих действий.

Организованная преступность – особенное общество, которое имеет свои нормы и образ жизни.

В большинстве случаев руководители организованной преступности являются авторитетными личностями, имеющими высокую должность и большой авторитет в обществе.

Их разоблачение и привлечение к ответственности влияет на интересы очень многих людей. Всё это препятствует раскрытию действий организованной преступности.

Отличие организованной преступности от других преступлений в том, что они устанавливают различные структуры для своей защиты.

Сюда относятся: система разведки и контрразведки, структуры, применяющие силу и давление на другие сферы, личная охрана руководителей организованной преступности, имение охраняющих сил своих объектов. Организации организованной преступности при охране собственной безопасности стараются улучшить отношения с государственными организациями и гражданской общественностью.

Расширение организованной преступности приводит к следующим состояниям:

- к вступлению руководителей организованной преступности и их активных членов в тесную связь с представителями государственной законодательности, исполнительной и судебной власти;
- к неспособности государства защитить основные конституционные права и интересы граждан и общества;
- к необоснованному продвижению идей о рыночной экономике и личном имуществе;
- к необоснованному продлеванию принятия основных законов, в том числе, особенно, по борьбе с организованной преступностью;
- к обеднению и правовому нигилизму большинства населения.

Организованная преступность в обществе всегда оставалась самой актуальной и трудноразрешимой задачей.

Государство и общество, несмотря на принимаемые меры, затрудняется найти эффективные средства их обезвреживания.

Деятельность организованной преступности, их члены и преступления, совершаемые ими не сокращаются.

Представляющая опасность для общества форма совершения преступления, объединившись в группировки является преступной организацией. Сегодня увеличивается количество таких преступлений, совершаемых преступными организациями, как вымогательство (165-статья), разбойное нападение (166-статья), воровство (169-статья), взяточничество (210-статья), незаконный оборот наркотических и психотропных препаратов (271, 273- статьи).

Соучастие в преступлении бывает в форме простого соучастия, сложного соучастия, организованной группировки и преступной организации.

В действующем уголовном законе Республики Узбекистан определена уголовная ответственность с учётом степени организованности членов группы в совершении группового преступления, на форму: простое соучастие, сложное соучастие, организованная группа, преступная организация.

Формой совершения группового преступления, представляющей опасность обществу является форма организованной преступности.